

Swen pou Travayè Kominotè yo pandan Pandemi COVID-19

Nan repons pou COVID-19, swen ak atansyon a kominote vilnerab yo pa dwe sispann se pou tèt sa a plizyè milye travayè nan kominote a dwe ale deyò.

1 Anvan ou ale deyò, mande tèt ou ...

Èske li esansyèl? Èske mwen ka fè travay mwen lè m sèvi avèk mwayen **elektwonik oswa nan telefòn** ? ...



2 Si ou deside ke ale deyò nesesè, lè sa a ou dwe prepare:

- Lave men w.
- Sanitayzè a **baz alkòl**.
- Yon mask nan bon kondisyon.

- Se sèl **pèsònèl medikal ki bezwen mask sofistike pou figi**. Lòt moun yo bezwen yon mask lokal, ki fèt ak koton ak te fè nan twa kouch.

3 Asire w ke mask ou a nan yon bon kondisyon.

- Touche **sèlman elastik** mask la lè wap mete li epi anvan ou fè sa, **lave men ou**. Anvan w retire mask la, lave men ou ankò epi **pa touche l pandan jounen an**.
- **Jete** mask la nan yon sak epi fèmen li. **Si li kapab itilize ankò, lave li chak jou** avèk yon solisyon ki gen **klowòks ak savon**.
- Lè w lwen lakay ou, **mete mask ou tout tan: nan lari, nan magazen ak nan travay**, sitou lè lòt moun bò kote ou.



4 Kenbe yon distans an sante chak fwa ou kapab.

- Evite **touche** manch pòt, wou, katèt, bouton asansè ak machin peman ak men ou.
- Chak fwa sa posib, **itilize yon sèvyèt jetab** pou manyen yo epi **jete l apre**.
- Si ou manyen objè sa yo nesesè, **lave men ou avèk dlo ak savon** osito ke posib oswa itilize yon dezenfektan pou men ki gen alkòl. Lè ou manyen objè sa yo, **pa manyen figi ou oswa je ou ak men ou**.

5 • Lave men ou byen avèk dlo ak ase savon lè w ap antre nan espas

piblik yo ak anvan ou manje oubyen manyen objè ke lòt moun ka manyen tou



- **Seche men ou avèk yon sèvyèt pwòp**. Si gen sèvyèt papyè, li pi bon nèt.




6 Retounen lakay ou? Pa tèlman vit!

- **Siye** soulye ou yo avèk yon moso twal **klowòks** epi retire yo.
- **Anvan epi apre** ou fin retire mask la, **lave men ou!**
- **Lè wap retire mask la**, manyen sèlman elastik yo oswa espageti yo epi pa touche devan an. Mete li nan yon sache plastik epi jete li. Si li kapab itilize ankò, lave l epi mete li nan yon sache plastik.



7 Netwaye epi Dezenfekte

- Sèvi ak yon twal **pwòp** ak **jèl alkòl**, **netwaye tout** sa ou te pote soti deyò a: sak linèt, resipyan, kle ak sa ki pi enpòtan, telefòn ou!
- **Jete tout vye twal yo epi chanje rad ou imedyatman**. Si sa posib, lave yo san pèdi tan oswa kenbe yo nan yon sache apa.
- Si mask ou a kapab itilize ankò, lave li san yo pa tòde'l, epi mete l' nan yon solisyon klowòks ak dlo (**1 pòsyon klowòks pou chak 10 pòsyon dlo**) pou 20 minit. Lè li sèch, sere li nan yon ti sak.



8 Pran yon douch lè ou retounen lakay ou. Ou pa bezwen sèvi ak plis savon ak chanpou ke sa ou konn itilize nòmalman.

Sa yo ka sanble ak anpil travay, men lè ou finalman jwenn al repoze, wap gen kè poze paske ou te pran swen tèt ou ak moun ou renmen yo!